


Kaye Egzèsis:

Aktivite amizan pou
Zafèt fè aprè lekti,
kesyon pou l reponn,
epi diskisyon ak fanmil



- **Karaktè Zafèt:** Diskite jan li se yon pèsonaj feminen ki fò nan liv la epi jan li reprezante yon modèl pou lòt timoun parapò ak pèsonalite l, valè li kiltive epi aksyon l yo, elatriye...
- **Plezi ant fanmi:** Esplike kijan paran Zafèt yo te preparel pou nouvo bebe k ap vini nan fanmi an. Bay 2-4 egzanp.
- **Konpliman:** konplimante yon manm nan fanmi w pou yon èd yo te bawou pandan w t ap grandi. Ekri yon chante, powèm, rap, oswa yon istwa pou onore yo.
- **Son ki popilè:** Idantifye 2-4 son ki tipikman kreyòl nan liv la.

- Zèv ki sot nan kè: ki desen w pi renmen nan liv la? Poukisa?
- Mèvèy Mango: Raple w de sa w te aprann nan liv sila a sou mango, sou sezon lapli, reyalyte lasyans Ayisyen ak lanati.
- konparezon: Bon ekriven yo itilize “tankou” oswa “parèy” pou konpare 2 bagay ki pa sanble. Chache 2-4 konparezon ki fèt nan liv la.
- Selebrasyon kreyòl: chache epi defini 2-4 mo an kreyòl ki nan liv la epi tradui yo an anglè oswa yon lot lang ou pale.

- Rèv: Kijan rèv yo reprezante yon gwo pati nan istwa a ak entrig ki gen nan liv la.
- Rèv diven: Desine yon foto oswa yon kolaj foto ki baze sou rèv ou fè nan denye jou sa yo.
- Alo, Haiti: Site 2-4 leson kiltirel oswa sa w konprann sou Ayiti daprè saw li nan liv la.
- Bon sè ak frè: ki mesaj otè a ap fè pase sou frè ak sè nan liv sa? Fè yon rezime ak pwòp mo pa w epi fè yon spektak maryonèt sou tèm lan.